

**AVI SA A DEKRI FASON YO KA ITILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU  
AK FASON OU KAPAB JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO.****TANPRI EGZAMINE LI AK ANPIL ATANSYON.**

Nan Cleveland Clinic, nou kwè enfòmasyon medikal ou se enfòmasyon pèsonèl yo ye. Nou konsève dosye pou swen ak sèvis ou resevwa nan etablisman nou yo. Nou pran angajman pou kenbe enfòmasyon medikal ou yo prive, epi lalwa egzije pou nou respekte konfidansyalite ou.

Avi sa a dekri pratik pwoteksyon enfòmasyon prive nan Cleveland Clinic ak etablisman afilye li yo (Cleveland Clinic). Avi sa a aplike pou tout enfòmasyon medikal ki idantifye ou ak swen ou resevwa nan etablisman Cleveland Clinic yo.

Enfòmasyon medikal ou yo ka konsène dosye sou papye, dosye dijital oswa elektwonik, men yo ka gen ladan tou foto, videyo ak lòt transmisyon elektwonik oswa anrejistreman ki te kreye pandan swen ak tretman ou.

Lwa yo nan nivo federal ak nan nivo Eta egzije pou Cleveland Clinic pwoteje enfòmasyon medikal ou epi lwa federal egzije pou nou dekri pou ou fason nou jere enfòmasyon sa yo. Lè lwa federal ak lwa Eta yo sou pwoteksyon enfòmasyon prive diferan epi lwa yo nan konfli, epi lwa Eta a bay plis pwoteksyon pou enfòmasyon ou yo oswa yo ba ou pi gwo aksè nan enfòmasyon ou yo, lè sa n ap swiv lwa Eta a. Pa egzanp, lè nou idantifye yon egzijans byen presi lwa Eta yo nan avi sa a, anplasman Cleveland Clinic ki endike a pral swiv lwa Eta yo ki akòde plis pwoteksyon.

**SISTÈM SANTE CLEVELAND CLINIC AK ETABLISMAN AFILYE YO**

Tout lopital nou yo, doktè anplwaye, kabinè doktè, antite, fondasyon, etablisman, pwogram swen nan kay, lòt sèvis nou yo, ak etablisman afilye nou yo Ozetazini swiv kondisyon yo ki nan Avi sa a.

Gen yon lis konplè lopital Cleveland Clinic ak adrès yo ki endike sou sitwèb nou yo, <https://my.clevelandclinic.org/locations>, <https://my.clevelandclinic.org/about/website/privacy-practices> oswa ou ka rele pou jwenn lis la nan Biwo Konfòmite Antrepriz ak Etik Biznis Cleveland Clinic lan nan 216.444.1709 (nimewo apèl gratis 800.223.2273, ekstansyon 41709).

Doktè yo ak lòt moun k ap bay swen yo nan Cleveland Clinic ki pa anplwaye nan Cleveland Clinic fè echanj enfòmasyon ki konsène ou antanke pasyan avèk anplwaye Cleveland Clinic yo. Nan afè swen sante ke pwofesyonèl swen sante sa yo ba ou andeyò Cleveland Clinic, yo gendwa ba ou tou pwòp avi pa yo sou pwoteksyon enfòmasyon prive ki dekri pratik kabinè pa yo.

Tout lopital sa yo, doktè, antite, fondasyon, etablisman, ak sèvis sa yo ka pataje enfòmasyon medikal ou antre yo pou rezon tretman, peman, ak operasyon swen sante jan li dekri anba a.

**FASON CLEVELAND CLINIC KA ITILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL OU**

Lè ou vin yon pasyan nan Cleveland Clinic, nou pral itilize enfòmasyon medikal ou nan Cleveland Clinic epi kominiye enfòmasyon medikal ou deyò Cleveland Clinic pou rezon yo ki dekri nan Avi sa a. Yo ka jwenn aksè nan enfòmasyon sou sante w nan kote ki pa Ozetazini, sèlman pou rezon ki konfòm avèk Avi sa a epi jan lwa aplikab yo otorize. Kategori ki annapre la yo dekri kèk nan fason nou pral itilize ak kominiye enfòmasyon medikal ou.

**Tretman.** Nou itilize enfòmasyon medikal ou pou ba ou sèvis swen sante. Nou ka kominike enfòmasyon medikal ou ba doktè, enfimye/enfimyè, teknisyen, etidyan medsin oswa etidyan swen enfimye, oswa lòt moun nan Cleveland Clinic ki bezwen enfòmasyon yo pou pran swen ou. Pa egzanp, yon doktè k ap trete ou pou yon janm kase ka bezwen mande yon lòt doktè si ou soufri dyabèt paske dyabèt la ka ralanti pwosesis gerizon janm lan. Sa ka gen ladan pale avèk doktè yo ak lòt moun ke nou pa anplwaye. Nou ka kominike enfòmasyon medikal ou tou ba moun andeyò Cleveland Clinic ki gendwa patisipe nan swen sante ou, pa egzanp doktè k ap trete ou, founisè swen nan kay, famasi yo, ekspè nan medikaman oswa aparèy medikal, ak ba manm fanmi ou.

**Peman.** Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal ou pou swen sante ou resevwa yo pou nou ka voye bòdwo epi pou oumenm, konpayi asirans ou, oswa yon lòt tyès pati peye pou yo. Pa egzanp, nou ka bay enfòmasyon konsènan operasyon ou te fè isit la ba plan sante ou pou li ka peye nou oswa ranbouse nou pou operasyon an. Nou ka enfòme plan sante ou tou konsènan yon tretman ou pral resevwa pou nou kapab jwenn apwobasyon alavans pou peman oswa pou konnen si plan ou an pral peye pou tretman an.

**Operasyon Swen Sante.** Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou epi kominike yo deyò Cleveland Clinic pou operasyon swen sante nou yo. Itilizasyon ak kominikasyon sa yo ede nou opere Cleveland Clinic pou konsève ak amelyore swen pasyan yo. Pa egzanp, nou gendwa itilize enfòmasyon medikal ou yo pou egzamine swen ou te resevwa yo ak pou evalye pèfòmans pèsònèl nou an lè y ap pran swen ou. Epi nou ka mete ansanm enfòmasyon medikal ki konsène anpil pasyan pou idantifye nouvo sèvis pou nou ofri, idantifye ki sèvis ki pa nesesè, ak si sèten terapi efikas. Nou ka kominike enfòmasyon tou ba doktè, enfimye/enfimyè, teknisyen, etidyan medsin ak lòt moun nan Cleveland Clinic nan bi pou yo aprann ak pou objektif amelyorasyon kalite. Nou ka retire enfòmasyon ki idantifye ou dekwa pou moun deyò Cleveland Clinic ka etidye done sou sante ou san yo pa konnen kimoun ou ye.

**Patnè Komèsyal yo.** Cleveland Clinic gendwa kominike enfòmasyon sou sante w bay sèten moun oswa òganizasyon ki founi sèvis bay Cleveland Clinic oswa ki founi sèvis nan non nou, ki rele “patnè komèsyal.” Patnè komèsyal yo oblije pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou sante w yo yon fason ki apwopriye.

**Kontakte Ou.** Nou gendwa itilize epi kominike enfòmasyon medikal ou pou kontakte w pou randevou ak pou lòt zafè, sa gen ladan pwogram ak evènman pou kòlèk lajan, posiblite pou rechèch, e lòt aktivite edikasyon oswa swen pasyan. Nou gendwa kontakte w pa lapòs, nan telefòn oswa nan imèl. Pa egzanp, nou ka kite mesaj vwa nan nimewo telefòn ou ban nou, epi nou ka reponn adrès imèl ou.

**Echanj Enfòmasyon Medikal.** Nou patisipe nan sèten echanj enfòmasyon medikal kote nou gendwa itilize pou kominike enfòmasyon medikal ou, jan lalwa otorize li, bay lòt founisè swen sante oswa antite pou tretman. Ou ka jwenn sou sitwèb nou an yon lis konplè aranjman sa yo, <https://my.clevelandclinic.org/about/website/privacy-practices> oswa ou ka rele pou jwenn lis la nan Biwo Konfòmite Antrepriz ak Etik Biznis Cleveland Clinic lan nan 216.444.1709 (nimewo apèl gratis 800.223.2273, ekstansyon 41709).

**Aranjman Swen Sante Òganize.** Nou gendwa patisipe nan aranjman ansanm ak lòt founisè swen sante oswa antite swen sante kote nou ka pase pou itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ou, dapre otorizasyon lalwa, pou patisipe nan aktivite konjwen ki konsène tretman, revizyon desizyon swen sante, evalyasyon kalite, oswa aktivite amelyorasyon, oswa aktivite peman. Ou ka jwenn sou sitwèb nou an yon lis konplè aranjman sa yo, <https://my.clevelandclinic.org/about/website/privacy-practices> oswa ou

ka rele pou jwenn lis la nan Biwo Konfòmite Antrepriz ak Etik Biznis Cleveland Clinic lan nan 216.444.1709 (nimewo apèl gratis 800.223.2273, ekstansyon 41709).

**Sèvis Anrapò ak Sante.** Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou pou voye kourye pou ou sou pwodui anrapò ak sante ak sèvis ki disponib nan Cleveland Clinic.

**Sipò Teknolojik.** Cleveland Clinic itilize divès teknoloji pou sipòte travay nou dekri nan Avi sa a. Teknoloji sa yo, ki gen ladan entelijans atifisyèl, itilize pou rafine swen nou bay yo, pou amelyore operasyon nou yo, ak pou soutni sèvis faktirasyon nou yo. Itilizasyon teknoloji sa yo anba pwoteksyon apwopriye pou garanti konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou sante w yo.

**Sipò Filantwopik.** Nou ka itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou pou kontakte ou nan aktivite pou ranmase lajan pou soutni Cleveland Clinic ak operasyon li yo. Ou gen dwa pou chwazi pou w pa resevwa kominikasyon sa yo. Si w pa vle resevwa kominikasyon ki soti nan Cleveland Clinic pou kòlèk lajan, tanpri rele Cleveland Clinic Philanthropy Institute nan 1.216.444.1245 oswa 1.800.223.2273, oswa voye yon imèl ban nou nan [giving@ccf.org](mailto:giving@ccf.org) pou chwazi pou w pa resevwa plis kominikasyon ankò.

**Anyè Enfòmasyon Pasyan yo.** Lopital nou yo mete enfòmasyon limite ki konsène ou nan anyè pasyan yo, tankou non ou epi pètèt kikote ou ye nan lopital la ak eta jeneral ou (pa egzanp: bon, pasab, grav, kritik, oswa endetèmine). Òdinèman nou bay enfòmasyon sa yo a moun ki endike non ou pou mande pou ou. Nou ka mete tou afilyasyon sou relijyon ou nan anyè yo epi bay enfòmasyon limite sa yo a klèje nan kominote a. Nou pa kominike enfòmasyon sa yo si y ap trete ou nan yon inite tretman pou abi sibstans. Lè nou kominike enfòmasyon nan anyè a ki konsène ou, sa pèmèt fanmi ou ak lòt moun (tankou zanmi, klèje nan kominote a, ak moun k ap fè livrezon) vizite ou nan lopital la epi konnen kijan ou ye anjeneral. Si ou prefere pou enfòmasyon pèsònèl sa yo rete konfidansyèl, ou ka fè demann sa a nan depatman admisyon lopital la epi nou p ap kominike okenn nan enfòmasyon sa yo.

**Rechèch Medikal.** Nou reyalize rechèch pou amelyore sante ak swen moun nan lemonn antye. Rechèch sou patisipan imen ki reyalize nan Cleveland Clinic avèk itilizasyon enfòmasyon ki kapab idantifye moun dwe apwouve atravè yon pwosesis revizyon espesyal pou pwoteje sekirite, byennèt ak konfidansyalite pasyan yo. Nou ka itilize epi kominike enfòmasyon medikal sou pasyan nou yo pou rezon rechèch dapre règ byen presi ki detèmine ak dispozisyon konfidansyalite lwa aplikab la, sa gen ladan pou kontakte w konsènan posiblite pou rechèch, pou prepare pou rechèch, ak pou fè rechèch. Nan kèk ka, lwa aplikab la otorize nou itilize epi kominike san otorizasyon w enfòmasyon medikal idantifyab ou pou fè rechèch, akondisyon nou jwenn apwobasyon nan men yon komite revizyon espesyal. Jan li dekri anba a, nou gendwa retire idantifikasyon nan enfòmasyon sou sante w ak echantyon byolojik ou yo (pa egzanp, san ki twòp, tisi, elatriye) epi itilize e kominike yo pou rezon rechèch ak devlopman ki konfòm avèk lwa aplikab yo. Sof si li endike aklè yon lòt jan nan yon konsantman reflechi pou yon etid rechèch, ou p ap resevwa okenn konpansasyon pou patisipasyon w nan yon etid rechèch oswa pou itilizasyon enfòmasyon/echantyon byolojik ou yo.

**Fason pou Anonimize Enfòmasyon sou Sante.** Nou gendwa itilize enfòmasyon sou sante w pou kreye enfòmasyon “anonimize”, ki vle di yon lòt moun pa ka idantifye yo ankò, annakò avèk lwa federal aplikab la. On fwa enfòmasyon sa yo deidentifye, yo gendwa pa pwoteje ankò anba lwa federal oswa lòt lwa, epi nou gendwa kominike yo bay lòt pati pou rezon ki koresponn avèk misyon Cleveland Clinic, sa gen ladan san limitasyon, pou fè rechèch, pou devlopman pwodui, ak pou amelyorasyon swen pou kominote n ap sèvi yo.

**Limit nan Seri Enfòmasyon.** Nou gendwa itilize enfòmasyon sou sante w pou kreye yon “limit nan seri enfòmasyon” lè nou retire nan yo sèten enfòmasyon ki ka idantifye w. Nou gendwa itilize epi kominike yon ansanm done limite sèlman pou rechèch, sante piblik, oswa pou operasyon swen sante, epi nenpòt lòt pati ki resevwa yon ansanm done limite dwe siyen yon akò pou pwoteje enfòmasyon sou sante w.

**Don Ògàn ak Tisi.** Nou ka kominike enfòmasyon medikal konsènan donatè ògàn, tisi ak zye, ak benefisyè transplantasyon ba òganizasyon ki jere don ògàn, tisi ak zye, ak transplantasyon.

**Sante ak Sekirite Piblik.** N ap kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou andeyò Cleveland Clinic lè lwa federal, lwa Eta a oswa lwa lokal la oblije nou fè sa oswa dapre pwosesis jidisyè. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou pou rezon sante ak sekirite piblik, tankou rapò nesans, lanmò, abi oswa neglijan anvi timoun, reyaksyon avèk medikaman oswa pwoblèm avèk pwodui medikal. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal pou ede kontwole pwopagasyon maladi oswa pou avèti yon moun ki gen sante oswa sekirite li ki gendwa menase. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ba yon ajans siveyans lasante pou li mennen aktivite lalwa otorize tankou odit, investigasyon, enspeksyon ak pou lisans. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou tou sou sizoka ta gen yon ijans oswa pou rezon sekou pou katastwòf.

## OTORIZASYON POU Lòt ITILIZASYON AK KOMINIKASYON

Jan li dekri anwo a, nou pral itilize enfòmasyon medikal ou epi kominike yo deyò Cleveland Clinic pou tretman, peman, operasyon swen sante, ak lè lalwa egzije oswa otorize sa. Nou p ap itilize ni kominike enfòmasyon medikal ou pou lòt rezon san otorizasyon ou alekri. Pa egzanp, pifò itilizasyon ak komunikasyon dosye sikoterapi, itilizasyon ak komunikasyon enfòmasyon medikal pou sèten objektif maketing ak komunikasyon ki reprezante yon lavant enfòmasyon medikal egzije pou gen otorizasyon ou alekri. Kalite itilizasyon ak komunikasyon sa yo sou enfòmasyon medikal ou ap fèt sèlman avèk otorizasyon ou alekri. Ou ka anile otorizasyon an alekri nenpòt lè, men nou pa kapab re pran okenn itilizasyon oswa komunikasyon enfòmasyon medikal ou ki fèt deja avèk otorizasyon ou.

Lwa Ohio, Florida, ak Nevada, ansanm ak lwa federal, gendwa egzije pou nou jwenn konsantman ou pou sèten komunikasyon enfòmasyon medikal konsènan sa ki annapre la yo: reyalizasyon oswa rezilta yon tès VIH oswa dyagnostik SIDA oswa yon pwoblèm anrapò ak SIDA, rezilta tès jenetik, tretman pou dwòg oswa alkòl ke ou te resevwa nan kad yon pwogram tretman pou dwòg oswa alkòl. Lwa Florida egzije konsantman ou tou pou sèten komunikasyon dosye sante konpòtmantal.

## DWA OU KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL

**Dwa pou Jwenn yon Rapò.** Ou ka mande yon rapò, ki se yon lis antite oswa moun (apa tèt pa ou) ke Cleveland Clinic te kominike enfòmasyon medikal ou san otorizasyon ou alekri. Demann ou pou yon rapò konsènan komunikasyon yo dwe fèt alekri, li dwe siyen ak gen dat sou li. Li dwe idantifye peryòd tan komunikasyon yo, ki pa dwe pi long pase sis (6) ane anvan demann ou an, epi etablisman Cleveland Clinic ki konsève dosye w ap mande yo. Demann ou an dwe endike nan ki fòm ou vle lis la (pa egzanp, sou papyè oswa sou fòm elektwonik). Ou dwe soumèt demann alekri ou a bay Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante (Health Information Management, HIM) Cleveland Clinic nan adrès postal ak enfòmasyon kontak ki mansyone nan fen dokiman sa a. N ap reponn ou nan 60 jou oplita. Rapò a pa t ap gen ladan komunikasyon pou tretman, peman, operasyon swen sante, ak sèten lòt komunikasyon ke lalwa egzante. N ap ba w premye lis la gratis nan nenpòt peryòd 12 mwa, men nou gendwa chaje w yon frè pou tout lòt rapò ou mande nan menm peryòd 12 mwa yo.

**Dwa pou fè Modifikasyon.** Si ou santi ke enfòmasyon medikal nou genyen ki konsène ou pa kòrèk oubyen yo pa konplè, ou gen dwa pou mande nou modifiye dosye medikal ou yo. Demann ou pou yon modifikasyon dwe fèt alekri, li dwe siyen ak gen dat sou li. Li dwe presize ki dosye ou vle chanje, idantifye etablisman Cleveland Clinic ki konsève dosye sa yo, epi bay rezon pou demann ou an. Nou ka refize demann ou an; si nou fè sa, n ap fè ou konnen poukisa epi eksplike chwa ou genyen. Cleveland Clinic ap reponn ou nan 60 jou oplita. Ou dwe adrese demann ou an bay Depatman HIM lan. Adrès postal ak enfòmasyon kontak Depatman HIM Cleveland Clinic lan mansyone nan fen dokiman sa a.

**Dwa pou Enspekte ak Jwenn yon Kopi.** Ou gen dwa pou enspekte ak jwenn yon kopi dosye medikal konplè ou yo, avèk sèten eksepsyon. Pa egzanp, ou pa ka wè ni jwenn yon kopi enfòmasyon ki rasanble pou yon pwosedi legal oswa sèten dosye rechèch pandan rechèch la ap dewoule. Ou dwe fè alekri demann ou pou enspekte oswa pou jwenn yon kopi dosye yo, ou dwe siyen epi mete dat sou li, epi soumèt li bay depatman HIM lan ki mansyone nan fen dokiman sa a. (Demann pou dosye faktirasyon yo dwe voye bay Sèvis Kliyan Cleveland Clinic nan adrès ki sa a: 9500 Euclid Avenue, RK2-4, Cleveland, Ohio 44195, oswa rele nan 1.866.621.6385. Ou kapab ale sou entènèt tou nan <https://my.clevelandclinic.org/patients/billing-finance>) pou pwograme pou Sèvis Kliyan retounen apèl ou. Nou ka chaje ou yon frè pou travay sou demann ou an. Si Cleveland Clinic refize demann ou fè pou enspekte oswa pou jwenn yon kopi dosye yo, ou ka konteste refi a alekri nan Biwo Konfòmite Antrepriz ak Etik Biznis Cleveland Clinic lan nan adrès ki apre la a: 3050 Science Park Drive, AC321 Beachwood, OH 44122. Ou ka mande pou wè oswa jwenn yon kopi elektwonik oswa kopi sou papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon medikal Cleveland Clinic genyen ki konsène w. Adrès postal ak enfòmasyon kontak Depatman HIM Cleveland Clinic lan mansyone nan fen dokiman sa a.

**Dwa pou Mande Restriksyon.** Ou gen dwa pou mande nou mete limit sou itilizasyon oswa kominikasyon nou fè ak enfòmasyon medikal ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Nou pa oblije aksepte nan pifò sikonstans. Si lè nou akòde demann ou an sa ta ka danjere oswa konpwomèt swen w yo, nou p ap aksepte. Sepandan, si w peye ak lajan nan pòch ou epi ou peye okonplè pou yon atik oswa yon sèvis swen sante, epi ou mande pou nou mete limit nan kominikasyon enfòmasyon medikal ou ba yon plan sante anrapò sèlman avèk atik oswa sèvis sa, n ap aksepte, sof si yon lwa egzijè pou kominike enfòmasyon sa yo. Ou gen dwa tou pou mande nou mete yon limit nan enfòmasyon medikal ki konsène ou ke nou itilize oswa ke nou kominike ba yon moun ki patisipe nan swen ou oswa nan peman pou swen ou, pa egzanp yon manm fanmi oswa zanmi. Yon lòt fwa ankò, nou pa oblije dakò.

Ou dwe siyen ak mete dat la sou yon demann pou yon restriksyon, epi ou dwe idantifye lopital oswa etablisman Cleveland Clinic ki konsève enfòmasyon yo. Demann lan dwe dekri tou sou ki enfòmasyon ou vle mete limit yo, li dwe endike si w vle limite itilizasyon oswa kominikasyon enfòmasyon yo, osnon toude, epi di nou kimoun ki pa dwe resevwa enfòmasyon ki gen restriksyon yo. Ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Depatman HIM lan. N ap fè ou konnen si nou aksepte oswa si nou pa aksepte demann ou an. Si nou aksepte, n ap respekte demann ou an, sòf si enfòmasyon yo nesesè pou ba ou yon tretman pou ijans. Adrès postal ak enfòmasyon kontak Depatman HIM Cleveland Clinic lan mansyone nan fen dokiman sa a.

**Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl.** Ou gen dwa mande pou nou kominike avèk ou konsènan sante w nan yon fason byen presi, pa egzanp sèlman nan telefòn oswa nan imèl, oswa nan yon kote byen presi, pa egzanp nan travay oswa lakay ou sèlman. N ap aksepte tout demann rezonab. Ou pa bezwen endike nou rezon pou demann ou an, epi nou p ap mande ou. Ou dwe fè demann pou kominikasyon konfidansyèl yo alekri, epi siyen ak mete dat sou yo. Yo dwe idantifye lopital oswa etablisman Cleveland Clinic k ap fè kominikasyon konfidansyèl yo, epi presize kijan oswa kikote ou vle

pou yo kontakte ou. Ou dwe voye demann ou an alekri bay Depatman HIM lan. Adrès postal ak enfòmasyon kontak Depatman HIM Cleveland Clinic lan mansyone nan fen dokiman sa a.

**Dwa pou Jwenn yon Kopi Avi Sa a sou Papye.** Ou gen dwa pou resevwa yon kopi avi sa a sou papye. Ou ka mande pou nou ba ou yon kopi avi sa a nenpòt lè. Menm si ou te aksepte pou ou resevwa avi sa a sou fòm elektwonik, ou toujou gen dwa pou resevwa yon kopi sou papye. Ou ka jwenn yon kopi Avi sa a sou papye nan nenpòt nan etablisman nou yo oswa, ou ka rele Biwo Konfòmite Antrepriz ak Etik Biznis Cleveland Clinic lan nan 216.444.1709 (nimewo apèl gratis 800.223.2273, ekstansyon 41709). Ou kapab gade Avi sa a tou sou sitwèb nou an, <https://my.clevelandclinic.org/about/website/privacy-practices>.

## **PLENT YO**

Si w kwè yo te vyole dwa vi prive w, ou ka depoze yon plent bòkote Biwo Konfòmite Antrepriz ak Etik Biznis Cleveland Clinic lan oswa bòkote Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (U.S. Department of Health and Human Services). Pou depoze yon plent devan Cleveland Clinic, ou dwe soumèt plent ou a alekri bay Cleveland Clinic Office of Corporate Compliance and Business Ethics, 3050 Science Park Drive, AC321 Beachwood, OH 44122. Yo p ap pran sanksyon kont ou poutèt ou pote yon plent.

## **CHANJMAN NAN AVI SA A**

Cleveland Clinic gendwa chanje Avi sa a nenpòt lè. Nenpòt chanjman ki fèt nan Avi a ka aplike pou enfòmasyon medikal nou genyen deja ki konsène ou, ansanm ak pou nenpòt enfòmasyon nou resevwa pi devan. N ap afiche yon kopi avi ki genyen nan moman an nan chak nan etablisman nou yo ak sou sitwèb nou, <https://my.clevelandclinic.org/about/website/privacy-practices>.

## **KESYON YO**

Si w gen kesyon sou Avi sa a, ou gendwa rele Biwo Konfòmite Antrepriz ak Etik Biznis Cleveland Clinic lan nan 216.444.1709 (nimewo apèl gratis 800.223.2273, ekstansyon. 41709).

## **ENFÒMASYON POU KONTAKTE DEPATMAN JESYON ENFÒMASYON SOU SANTE CLEVELAND CLINIC LA (POU SIT NAN OHIO, NEVADA AK FLORID YO)**

Kourye a dwe adrese bay HIM Department, Cleveland Clinic Foundation, Health Data Services Ab7, 9500 Euclid Ave., Cleveland, Ohio 44195.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou mande dosye medikal ou yo, rele Depatman HIM lan nan 216.444.5580 oswa ale sou entènèt nan <https://my.clevelandclinic.org/patients/information/medical-records>.

**PWOGRAM POU TWOUB KONSOMASYON SIBSTANS:  
KONFIDANSYALITE DOSYE ANRAPÒ SK TWOUB KONSOMASYON SIBSTANS**

Cleveland Clinic gen inite, doktè ak lòt moun byen presi k ap bay swen ki espesyalize nan bay sèvis anrapò ak tretman pou dwòg oswa alkòl (Pwogram yo). Dosye pasyan yo ke Pwogram sa yo konsève pwoteje anba lòt lwa ak règleman federal sou konfidansyalite. Seksyon sa a konplete lòt kontni ki nan Avi sa a epi li dekri:

- Kòman Cleveland Clinic gendwa itilize epi kominike dosye twoub konsomasyon sibstans ki konsène w
- Dwa ou genyen konsènan dosye sou Pwogram ou yo
- Kòman pou depoze yon plent konsènan yon vyolasyon konfidansyalite oswa sekirite dosye sou Pwogram ou yo oswa dwa ou yo konsènan dosye Pwogram ou yo

Ou gen dwa pou w resevwa yon kopi avi Seksyon sa a (sou papye oswa sou fòm elektwonik) epi pale sou li avèk Responsab Klinik Sante Konpòtmantal yo nan chak anplasman nan 216.425.7411 (Lutheran Hospital) oswa 330.436.0950 (Akron General). Si w gen nenpòt kesyon, demann ou an ap oryante kòm sadwa.

**Itilizasyon ak Kominikasyon ki Otorize pou Dosye Pwogram yo.** Cleveland Clinic gendwa itilize epi kominike dosye Pwogram ou yo jan li dekri anba a oswa avèk konsantman w alekri.

*Itilizasyon ak Kominikasyon ki Otorize pou Dosye Pwogram yo San Konsantman*

- Pou kominike avèk lòt estaf andedan Pwogram lan oswa yon antite ki gen kontwòl administratif dirèk sou Pwogram lan ki bezwen enfòmasyon yo nan kad dyagnostik, tretman, oswa referans pou tretman;
- Ba yon ajans oswa yon ajan fòsdelòd si w komèt, oswa menase pou komèt, yon krim sou pwopriyete Pwogram lan oswa kont yon moun ki travay pou Pwogram lan;
- Pou rapòte soupson abi oswa neglijan sou timoun bay otorite eta oswa lokal ki apwopriye yo;
- Sou baz yon òdonans tribinal epi òdonans sa a gen nan li yon sitasyon oswa yon lòt manda legal ki egzij pou nou kominike enfòmasyon w yo jan li dekri plis ankò anba a nan “Itilizasyon oswa Kominikasyon Dosye Pwogram yo nan kad Pwosedi Legal”;
- Konfòmman ak lwa yo, ki egzij kòlèk enfòmasyon sou moun ki mouri anrapò avèk kòz lanmò a oswa lòt estatistik vital;
- Ba pèsònèl medikal la nan yon ijans medikal;
- Pou aktivite rechèch, odit, oswa evalyasyon pwogram;
- Ba yon otorite sante piblik, si enfòmasyon yo te anonimize; oswa
- Ba yon òganizasyon sèvis kalifye/patnè komèsyal nan Pwogram nan ki se yon òganizasyon apa ki founi sèten sèvis bay Pwogram lan nan kad yon akò alekri.

*Itilizasyon ak Kominikasyon Otorize ki Egzij Konsantman*

- Pou rezon peman ak operasyon swen sante, Cleveland Clinic egzij pou w bay yon sèl konsantman pou tout itilizasyon oswa kominikasyon alavni pou rezon peman ak operasyon swen sante. Lè dosye Pwogram ou yo kominike bay yon lòt antite ki kouvri ak HIPAA (pa egzanp yon lòt founisè swen sante oswa yon konpayi asirans sante ki anba egzijans HIPAA yo) oswa yon patnè komèsyal (jan li defini anwo a), benefisyè enfòmasyon yo gendwa kominike enfòmasyon w yo

annakò avèk lalwa e Avi sa a. Sepandan, w ap gen pou w bay yon konsantman alekri apa pou dosye Pwogram yo ka itilize nan yon pwosedi sivil, kriminel, administratif oswa legal kont ou.

**Revoke Konsantman.** Pou anile alekri konsantman ou a nenpòt lè, ou gendwa soumèt yon demann bay Responsab Klinik Sante Konpòtmantal yo nan chak anplasman, men nou pa ka rebran okenn itilizasyon oswa kominikasyon enfòmasyon sou sante w ki te fèt deja avèk konsantman w.

- Pou Sant Rekiperasyon pou Alkòl ak Dwòg Luteran Hospital Cleveland Clinic: 1730 W 25th St., Suite 2A, Cleveland, Ohio 44113
- Pou Sant Rekiperasyon pou Alkòl ak Dwòg Akron General Cleveland Clinic: 3600 W Market St., Suite 102, Akron, Ohio 44333

**Itilizasyon oswa Kominikasyon Dosye Pwogram yo nan kad Pwosedi Legal.** Dosye Pwogram ou yo oswa dosye ki resevwa nan men pwogram tretman pou twoub konsomasyon sibstans oswa temwayaj sou dosye sa yo pa ka kominike nan okenn pwosedi sivil, administratif, kriminel oswa lejislatif kont ou san konsantman w alekri oswa san yon òdonans tribinal. Dosye yo ak kominike sèlman baze sou yon òdonans tribinal apre yo fin bay oumenm ak/oswa Cleveland Clinic yon avi epi posiblite pou yo tande nou. Yon òdonans tribinal dwe gen nan li yon sitasyon oswa lòt manda legal ki egzije pou nou kominike dosye w yo.

**Dwa Ou yo Konsènan Dosye Pwogram Ou yo.** Antanke pasyan nan Pwogram nan, ou gen dwa yo ki masyone nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a. Anplis de sa, ou gen dwa ki apre la yo ki pou dosye Pwogram ou yo prezizeman:

- **Dwa pou resevwa yon Lis Divilgasyon pa yon Entèmedyè.** Si w bay konsantman pou kominike dosye Pwogram ou yo an pasan pa yon entèmedyè, pa egzanp yon echanj enfòmasyon sou sante, ou gen dwa pou w resevwa yon lis kominikasyon yon entèmedyè fè pandan twa (3) dènye ane yo. Pou mande yon lis kominikasyon yon entèmedyè te fè, ou dwe soumèt yon demann bay entèmedyè a.

**Kesyon oswa Plent.** Si w gen kesyon sou Seksyon sa a pou Pwogram pou Twoub Konsomasyon Sibstans yo, si w panse dwa vi prive w yo te vyole, oswa si w vle depoze yon plent, tanpri gade nan “Kesyon” ak “Plent” ki anwo la a pou jwenn plis enfòmasyon.

**NOTICE OF AVAILABILITY OF LANGUAGE ASSISTANCE SERVICES AND AUXILIARY AIDS  
AND SERVICE**

**ENGLISH:** ATTENTION: Free language assistance services are available to you. Appropriate auxiliary aids and services to provide information in accessible formats are also available free of charge. Call 1-833-858-1813 (TTY: 711) or speak to your provider.

**Spanish:** ATENCIÓN: Si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. También están disponibles de forma gratuita ayuda y servicios auxiliares apropiados para proporcionar información en formatos accesibles. Llame al 1-833-858-1813 (TTY: 711) o hable con su proveedor.

**French Creole:** ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd aladispozisyon w gratis pou lang ou pale a. Èd ak sèvis siplemantè apwopriye pou bay enfòmasyon nan fòm aksesib yo disponib gratis tou. Rele nan 1-833-858-1813 (TTY: 711) oswa pale avèk founisè w la.

**Chinese (simplified):** 备注：您可获得免费的语言协助服务。还可免费提供适当的辅助工具和服务，以无障碍格式提供信息。请致电 1-833-858-1813 (TTY: 711) 或咨询您的医疗服务提供者。

**Chinese (traditional):** 注意：您可獲得免費的語言協助服務。同時也免費提供適當的輔助和服務，讓您以無障礙方式獲得資訊。請致電 1-833-858-1813（聽語障專線：711）或與您的醫療服務提供者洽談。

**Vietnamese:** LƯU Ý: Nếu bạn nói tiếng Việt, chúng tôi cung cấp miễn phí các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ. Các hỗ trợ dịch vụ phù hợp để cung cấp thông tin theo các định dạng dễ tiếp cận cũng được cung cấp miễn phí. Vui lòng gọi theo số 1-833-858-1813 (Người khuyết tật: 711) hoặc trao đổi với người cung cấp dịch vụ của bạn.

**Tagalog:** PAALALA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, magagamit mo ang mga librang serbisyon tulugan sa wika. Magagamit din nang libre ang mga naaangkop na auxiliary na tulugan at serbisyo upang magbigay ng impormasyon sa mga naa-access na format. Tumawag sa 1-833-858-1813 (TTY: 711) o makipag-usap sa iyong provider.

**French:** ATTENTION : Si vous parlez Français, des services d'assistance linguistique gratuits sont à votre disposition. Des aides et services auxiliaires appropriés pour fournir des informations dans des formats accessibles sont également disponibles gratuitement. Appelez le 1-833-858-1813 (TTY : 711) ou parlez à votre fournisseur.

**Nepali:** ध्यान दिनुहोस्: तपाईं कालागि भाषा सहायता सेवाहरू नि: शुल्क उपलब्ध छन्। पहुँच योग्य ढाँचा मा जानकारी प्रदान गर्न उपयुक्त सहायक सहायता सेवाहरू पनि नि: शुल्क उपलब्ध छन्। 1-833-858-1813 (TTY: 711) मा कल गर्नुहोस् वा आफ्नो प्रदायकसँग कुरा गर्नुहोस्।

**Portuguese:** ATENÇÃO: Serviços gratuitos de de assistência linguística estão disponíveis para você. Ajudas e serviços auxiliares apropriados para fornecer informações em formatos acessíveis também estão disponíveis gratuitamente. Ligue para 1-833-858-1813 (TTY: 711) ou fale com seu médico.

**Arabic:** مساعدة وسائل تتوفر كما. المجانية اللغوية المساعدة خدمات لك فستتوفر، العربية اللغة تتحدث كنت إذا: تنبيه: 1-833-858 1813 (TTY: م الرق على اتصل. مجاناً إليها الوصول يمكن بتنسيقات المعلومات لتوفير مناسبة وخدمات الخدمة مقدم إلى تحدث أو (711)

**Russian:** ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русский, вам доступны бесплатные услуги языковой поддержки. Соответствующие вспомогательные средства и услуги по предоставлению информации в доступных форматах также предоставляются бесплатно. Позвоните по телефону 1-833-858-1813 (TTY: 711) или обратитесь к своему поставщику услуг.

**German:** ACHTUNG: Wenn Sie Deutsch sprechen, stehen Ihnen kostenlose Sprachassistentendienste zur Verfügung. Entsprechende Hilfsmittel und Dienste zur Bereitstellung von Informationen in barrierefreien Formaten stehen ebenfalls kostenlos zur Verfügung. Rufen Sie 1-833-858-1813 (TTY: 711) an oder sprechen Sie mit Ihrem Provider.

**Korean:** 주의:

[한국어]를사용하시는경우무료언어지원서비스를이용하실수있습니다.이용가능한형식으로정보를제공하는적절한보조기구및서비스도무료로제공됩니다. 1-833-858-1813 (TTY: 711)번으로전화하거나서비스제공업체에문의하십시오.

**Italian:** ATTENZIONE: se parli Italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Sono inoltre disponibili gratuitamente ausili e servizi ausiliari adeguati per fornire informazioni in formati accessibili. Chiama l'1-833-858-1813 (TTY: 711) o parla con il tuo fornitore.

**Polish:** UWAGA: Osoby mówiące po polsku mogą skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Dodatkowe pomoce i usługi zapewniające informacje w dostępnych formatach są również dostępne bezpłatnie. Zadzwoń pod numer 1-833-858-1813 (TTY: 711) lub porozmawiaj ze swoim dostawcą.

**Serbian:** PAŽNJA: Besplatne usluge jezičke pomoći su vam na raspolaganju. Odgovarajuća pomoćna sredstva i usluge za pružanje informacija u dostupnim formatima su takođe dostupni besplatno. Pozovite 1-833-858-1813 (TTY: 711) ili razgovarajte sa svojim pružaocem usluga.

**Croatian:** PAŽNJA: Dostupne su vam besplatne usluge jezične pomoći. Odgovarajuća pomoćna pomagala i usluge za pružanje informacija u pristupačnim formatima također su dostupni besplatno. Nazovite 1-833-858-1813 (TTY: 711) ili razgovarajte sa svojim pružateljem usluga.

**Japanese:** 注：日本語を話される場合、無料の言語支援サービスをご利用いただけます。アクセシブル（誰もが利用できるよう配慮された）な形式で情報を提供するための適切な補助支援やサービスも無料でご利用いただけます。1-833-858-1813（TTY: 711）までお電話ください。または、ご利用の事業者にご相談ください。